Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 29 (6716) 6 июль 2020 с. Итни ЗулкъагIида 1441 с. Багьа - эркенаб



ЦIИЯБ РОССИЯ #КОНСТИТУЦИЯ05

## Россиялъул Конституциялда хиса-басиял гьариялда тIасан гьаркьал кьеялъул суал дандбана ХIажимурад МухIамадовас ва Ширухан ХIажимурадовас

### ЦIияб Россиялъе цIияб къанун къваригIунилан абуна Ширухан ХIажимурадовас

**Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас ва ДРялъул транспорталъул ва нухазул магIишаталъул министр Ширухан ХIажимурадовас лъайхъвай гьабуна Россиялъул Федерациялъул Конституциялда хиса-басиял гьариялда тIасан гьаракь кьей Гумбеталда иналъул хIалалъул.**



ХIажимурад МухIамадовас ва Ширухан ХIажимурадовас тIобитIана, федералияв, республикаялъулал, муниципалиял идарабазул вакилзабиги гIахьал гьарун, данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна тIолгороссиялда тIобитIулеб гьаракь кьеялъул суал, гIадамаз жидерго гражданлъиялъулаб налъи тIубаялъе шартIал гIуцIеян чIванкъотIарал тIадкъаял кьуна.

Районалъул территориалияб рищиязул комиссиялъул председатель ГIабдулмажид Амагаевас баян гьабуна гьаракь кьей гIадлу-низам хвезабичIого, Роспотребнадзоралъул рихьизариял тIуразарулаго, COVID-19 тIибитIичIого букIин мурадалда цIуна-къаялъе гьарулел тадбиралги мухIканго тIуразарулаго унеб бугилан.

Бакълъулазул районалъул поликлиникаялъул медхIалтIухъан ПатIимат АхIмадибирова №0294 участкаялде ячIана жиндирго гражданлъиялъулаб налъи тIубазе. Гьелъ абуна Конституциялда гьарурал, медицинаялъул кумекалда ва цогидалги гIадамазе пайдаял ишазда хурхарал хиса-басиял жидеде тIалаб цIикIкIараллъун кколилан.

Районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас кIвар буссинабуна рухIияб бутIаялъул, улкаялда маданияб рахъ цебетIезабиялъул ва цогидалги кIвар бугел хиса-басиязде.

Бакълъулазул районалда гьаракь кьеялъе 32 участок гIуцIана, гьездасан ичIгояб хъутабазда. 21 июналда тIобитIана хъутабазда участоказда болжал щвелелде гьаракь кьей.

**«Гумбет» РИО**

ЦIИЯБ РОССИЯ #КОНСТИТУЦИЯ05

## ЗахIматалъул ветеран Нина Кузенкоца рокъоб гьаракь кьуна

### Гьединго гражданияб борч борхана гьелъул рос ГIумахан МухIамадрасуловасги

**ЗахIматалъул ва тылалъул ветеран, 82 сон барай Нина Кузенкоца Россиялъул аслияб законалда хиса-басиязда тIасан гьаракь кьеялда гIахьаллъи гьабуна. Бакълъулазул районалъул №0294 рищиялъул комиссиялъул членаз харабазе гьаракь кьезе рокъоре ун кумек гьабуна.**

Нина Филиповнаялъ жиндирго пикрабиги загьир гьаруна Конституциялда гьарулел ругел хиса-басиязда тIасан.

«Россиялда гIадамазул яшав лъикIлъизабиялъе кIудияб хIалтIи гьабулеб буго. ТIалабагъаз гьабула харабазул ва лъималазул. Баркала буго Россиялъул президент Владимир Путиние херазде ва гIолеб гIелалде кIвар кьуралъухъ», - ян абуна Нинаца.



Гьелъ жиндирго гIумру бухьинабуна Бакълъулазул районалъул МелъелтIаса мугIалим ГIумахан МухIамадрасуловасулгун. ХIалтIана 56 соналъ районалъул больницаялда лъималазул тохтурлъун. Щвана «Сахлъи цIуниялъул отличник», «Дагъистан Республикаялъул мустахIикъай врач» абурал цIарал. ГIумахан МухIамадрасулов гIемер соназ хIалтIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулесул лъайкьеялъул бутIаялъул рахъалъ заместительлъун. 57 соналъ лъайкьуна лъималазе. «Гьес лъималазе лъайкьуна, дица сахгьаруна. Лъимал руго нилъер букIинесеб. Кинабго - лъималазе», - ян абуна хадубги Нинаца.

Нина Кузенко гьаюна 1938 соналъ Белгород областалъул Прохоровка росулъ. Гьеб росу лъугьана дунялалдаго машгьураб бакIлъун – инсаниятаалъул тарихалда бищун вахIщияб танкабазулаб рагъ букIана гьениб ва фашистал щущахъ риххизаруна. Лъимерлъуда Нинада бихьана нацистаз Прохоровкаялда хералги, руччабиги, лъималги чIаго рухIараб куц.

1956 соналъ гьей йитIана практикаялъ МугIрузул улкаялде. Дагъистаналъул мединститутги лъугIизабун, Гумбеталда хIалтIизе ячIана лъималазул тохтурлъун. ЗахIматалъул ва тылалъул ветеран Нина Кузенко гьабсагIат мустахIикъаб хIухьбахъиялда йиго.

**«Гумбет» РИО**

ТIИБ

## Сахлъи цIуниялъул суалал рорхана

### Бакълъулазул районалъул Собраниялъул депутатазул анлъабилеб ахIиялъул 20-абилеб сессия

**29 июналда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана районалъул Собраниялъул депутатазул сессия. Гьелда гIахьаллъи гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас, районалъул Собраниялъул депутатаз ва цогидазги.**

Сессия рагьана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадовас. Гьоркьор лъун рукIана:

1. Бакълъулазул районалда халкъалъе медицинаялъул хъулухъ гьабиялъул бугеб хIалалъул ва «Сахлъи цIуниялъул хIакъалъулъ» ДРялъул бетIера-сул приоритетнияб проект гIумруялде бахъинабиялда хурхун гьаризесел тадбиразул хIакъалъулъ.

2. «Гумбет район» муниципалияб районалъул 2020 соналъе ва плановиял 2021-2022 соназул бюджеталда хиса-басиял гьариялъул хIакъалъулъ.

3. Районалъул ракьалда внеменнияб доходалда цогояб налогалъул ставка чIезабиялъул хIакъалъулъ.

(Ахир - 2 - аб. гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ХIажимурад МухIамадов: «Владимир Путиница Дагъистаналъе кIудияб кумек гьабуна»
-2 гьум.



Полициялъ гражданияб борч тIубана
-2 гьум.



ГIайшат ГIадусова: «Улкаялъул бокьараб бакIалда гIадамал чIобого сахгьаризе ккола»
-2 гьум.



Махщалие ритIухъай
3 гьум.

## Сахлъи цIуниялъул суалал рорхана

**(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)**

4. «Гумбет район» муниципалияб районалъул уставалда хиса-басиял ва тIадежураял гьариялъул хIакъалъулъ ва цо-



гидалги суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан доклад гьабуна районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев Муртуз Нажмудиновас.

КIиабилеб ва лъабабилеб суалазда тIасан доклад гьаруна районалъул финансазул отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас.

Ункъабилеб «Гумбет район» муниципалияб районалъул Уставалда хиса-басиял ва тIадежураял гьариялъул суалалда хурхун кIалъана районалъул администрациялъул юридический суалазул рахъалъ бетIерав специалист МухIамадгIали МусахIажиев. Гьоркьор лъурал суалазда тIасан депутатаз къабул гьаруна дандрекъон кколел

ЦIИЯБ РОССИЯ #КОНСТИТУЦИЯ05

## Полициялъ гражданияб борч тIубана

### Россиялъул Конституциялда хиса-басиязда тIасан гьаракь кьуна Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас

**30 июналда Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул хIалтIухъабазги Россиялъул Конституциялда хиса-басиял гьариялда тIасан гьаркьал кьеялда жигараб гIахьаллъи гьабуна.**



Гьебго кьоялъ № 0294 участокалда гьаракь кьуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас.

«Россиялъул Конституциялда хIисабалде росарал тIадежураял, хиса-басиял нильер улкаялъул букIинесеб баян гьарулеллъун ккола. Гьез щула гьабулеб буго Россиялъул пачалихълъи, суверенитет ва чияда бачIолъи. РФялъ тадбирал гьарулел руго халкъазда гьоркьосеб рекъел ва хIинкъи гьечIолъи цIунизе, пачалихъазда, халкъазда гьоркьоб рекъел щула гьабизе. ЦIиял хиса-басиязда руго хьизаналъул, волонтеразул багъа-бачариялъул, лъималазул, ресукъал гражданазул рахъкквеялде ралагьарал пунктал», - ян абуна Малик Маликовас.

**«Гумбет» РИО**

ЦIИЯБ РОССИЯ #КОНСТИТУЦИЯ05

## ХIажимурад МухIамадов: «Владимир Путиница Дагъистаналъе кIудияб кумек гьабуна»

### Россиялъул Конституциялда хиса-басиязда тIасан гьаракь кьеялда гIахьаллъи гьабуна Бакълъулазул районалъул нухмалъулес

**30 июналда Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадов гIахьаллъана Россиялъул Конституциялда хиса-басиял гьариялда тIасан гьаракь кьеялда. Жиндирго гражданлъиялъулаб налъи муниципалите-**



**талъул бетIерас тIубазабуна районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физический культураялъул ва спорталъул отделалъул минаялда рагьараб № 0294 участокалда.**

«Россиялъул Конституциялда хиса-басиязда тIасан гьаракь кьолаго, нильеца тIоцебесеб иргаялда гьарак кьолеб буго Дагъистаналъул, тIолабго Россиялъул букIинеселъе гIоло. Россиялъул президент, РФялъул Яргъилал Къуватазул Главнокомандующий Владимир Путиница жиндирго кIалъаялда нилъ ахIулел руго ВатIаналъул къисматалъул ургъел гьабулелллъун, гьелъул лъикIаб букIинеселъе гIоло къеркьолеллъун рукIине, улкаялъул аслияб законалда хиса-басиязе гьаракь кьезе. Районалъул бетIер хIисабалда дица гIадамазде хитIаб гьабула, участоказде гьаркьал кьезе аян ва Конституциялда хиса-басиязда, тIадежураязда тIасан пикраби загьир гьареян» - гьединаб баян кьуна ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

## Багъавудин МухIамадов: «Россиялъ дунялалда рекъел ва гIадлу чIезарулел руго»

### Рагъухъан – интернационалистас пикру загьир гьабуна

**Бакълъулазул районалъул Бакьулъ Гьарадирихъ росулъа рагъухъан-интернационалист, Афгъанистаналда рагъулал тунка-гIусиязул гIахьалчи Багъавудин МухIамадовас гьаракь кьуна Россиялъул Конституциялда хиса-басиял гьариялда тIасан.**



Багъавудин МухIамадовас гьаракь кьолаго жиндирго пикраби загьир гьарураб №0312 участок COVID-19 унти бахиналдаса цIуниялъул сурсатаздалъун хьезабун букIана. Гьабулеб букIана зама-заманалда дезинфекция.

«Афгъанистаналда рагъулал тунка-гIусиязул гIахьалчи хIисабалда, дие кIвар бугеблъун ккола, Россиялъул президент Владимир Путинил нухмалъиялда, гьанжесеб Россиялъе халкъазда гьоркьосеб кьадру ва статус щун букIин. Россиялъ тIуразарулел руго халкъазда гьоркьосел масъалаби, гьабулеб буго дунялалда рекъел цIуниялъе кIудияб хIалтIи, гьоркьоса кьотIичIого къеркьей гьабулеб буго терроризмалда данде. Конституциялда хиса-басиял руссарал руго улкаялъул жибго цIунизе бугеб къуват хадубккунги щула гьабиялде, пачалихъалъул хIинкъигьечIолъи ва чияда бачIолъи цIуниялде. Гьединлъидал нильер ВатIаналъул букIинеселъе Конституциялда гьарурал тIадежураязул кIудияб кIвар буго», - ян абуна Багъавудин МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

## Рамазан МухIамадов: «Лъайкьей ва гIелму церетIезариялде цIикIкIараб кIвар кьолеб буго»

**Россиялъул Конституциялда гьарурал хиса-басиязда тIасан районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъабаз гьаркьал кьолаго, Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул, физический культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас гьадин абуна: «Лъаялъул ва гIелмуялъул даражаялда битIахьего бараб буго пачалихъалъул цебетIей, гьелъул букIинесеб.**

Гьел бутIаби тIегьан ругони, баянлъула улкаялъул къуват букIин. Россиялъул Конституциялда гьарурал цIиял хиса-басиязда, 114 аб. статьялда бихьизабун буго гьаб тIадежубай гьабизе: «РФялъул хIукуматалъ пачалихъияб рахъкквей гьабула гIелмиябгун технологическияб цебетIеялъул, гьелъул гIелмияб потенциал цIуниялъул. Дица рикIкIуна, гьеб пункталъ квербакъизе бугин лъайкьеялъул система цебетIезабизе, улкаялда гIумруялъул даража борхизабизе», - ян.

№0294 участокалда 29 июналда гьаракь кьуна лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъан, районалъул руччабазул Советалъул председатель Загьра ГIабдулаевалъ ва цогидалги хIалтIухъабаз.

## ГIайшат ГIадусова: «Улкаялъул бокьараб бакIалда гIадамал чIобого сахгъаризе ккола»

### Централияб больницаялъул хехаб кумекалъул тохтур ГIайшат ГIадусовалъ гьаракь кьуна №0294 участокалда

**Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул хехаб кумекалъул тохтур ГIайшат ГIадусовалъ №0294 участокалде ун, жиндирго гражданлъиялъулаб налъи тIубазабуна Россиялъул Конституциялда хиса-басиял гьариялда тIасан гьаракьги кьун.**

COVID-19 пандемиялъул шартIазда чанго моцIалъ ГIайшат ГIадусова тIубарал сардал-къояз хIалтIана коронавирус ва пневмония бугел гIадамал больницаялде рачун, гьел хвасар гьариялъе гIоло.

«Россиялда щивав гражданинасул ихтияр буго, кив вугониги, качественнияб медицинаялъул кумек щвезе. Конституциялъул цIияб пунктталдаги гьеб ихтияр жеги щула гьабун буго. ЦIияб тIадежубай рикIкIуна улкаялъул аслияб законалда цIакъго хIажатаб, гIумруялъе кIвар бугеб хиса-басилъун. Инфекциялдаса цIуниялъе сурсатаздалъун хьезарун руго районалъул киналго участокал», - ян абуна ГIайшат ГIадусовалъ.

28 июналда улкаялъул аслияб законалда ругел хиса-басиязда тIасан гьаракь кьезе ячIана ЦРБялъул бетIерай медсестра Тамари МухIамаднабиева. Гьелъ тIадчIей гьабуна хьизаналъул, эбеллъиялъул, гIолеб гIелалъул рахъкквеялъул пунктазул кIваралда. Гьебго кьоялъ гьаркьал кьуна ЦРБялъул лъимал гьарулеб отделениялъул акушерка Сидрат МухIамадовалъ ва цогидазги.

**«Гумбет» РИО**



#СТОПКОРОНАВИРУС05 ВИРУСАЛДА ДАНДЕ РАГЪ БАЙ, БАГЬАДУР!

## Пульсоксиметрал росана

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас Сулайман Каримовасе баркала къуна COVID-19 унтуда данде къеркьезе кумек гьабуралъухъ

**Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баркала загьир гьабуна COVID-19-ялда данде къеркьезе муниципалитеталъе кумек гьабуралъухъ РФялъул Федералияб Собраниялъул Федерациялъул Советалъул член Сулайман Каримовасе. «ХIурматияв Сулайман АбусагIидович! РакI-ракIалъулаб баркала кьола Гумбеталде кIвар къуралъухъ, COVID-19-ялда данде къеркьезе кумек гьабуралъухъ. Дагъисталалъе захIматал моцIаз Дуца кIудияб кумек гьабуна медицинаялъул учреждениязе, Дуца къураб гурхIел-рахIмуялъулаб гIарцуде росана медикал унти бахиналдаса цIуниялъе ретIел, гьуърузе искусственияб вентиляциялъул аппаратал ва цогидаб-ги.**



Федералияб централъул кIудияб кумекалъул, республикаялъулаб нухмалъиялъул рахъкквеялъул, сахаватчагIаз гьабураб гурхIел-рахIмуялъул кумекалъул хIасилалда гьабсагIат Дагъистаналда гIодобе кколеб буго инфекция, рукIалиде кколеб буго эпидемиологическияб ахIвал-хIал. Гьелъулъ буго Дурги кIудияб бутIа, Сулайман АбусагIидович! Гьарула щулияб сахлъи, проектал гIумруялде рахьинариялъулъ бергьенлъаби!», - ян абулеб буго ХIажимурад МухIамадовасул баркалаялъулаб кагъаталда.

Сулайман Каримовас къураб гIарцуде Бакълъулазул медучреждениязе росана пульсоксиметрал.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ. ПРОЕКТАЛ

## «Дир Дагъистан» проекталъул жамгIиял координаторал – Бакълъулазул районалда

### МельелтIа ва ЦIиликь паркал къачIалел руго

**Бакълъулазул районалда «Дир Дагъистан» проекталда рекъон ралел бакIазде рачIана «Дир Дагъистан – дир лъим» проекталъул жамгIияй координатор, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Анна Безрукова ва «Дир Дагъистан – санагIатал шагьаралъулал шартIал» проекталъул жамгIияй координатор Рукъият АхIмадова.**



Гьалбадерида дандчIвай гьабуна Бакълъулазул районалъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас ва информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудиновас.

ЖамгIиял координатораз халгьабуна МельелтIа ва ЦIиликь росабалъ паркалъулал зонаби гьариялъул хIалтIаби кин унел ругелали.

МельелтIа росулъ паркалъулаб зонаялда хIалтIи гьабизе тендер бергьана «Нуцал» ООО-ялъул. Подрядчияб гIуцIиялъул вакилас жаваб къуна жидецаго тIаде росарал хIалтIаби болжалалда тIуразаризе ругин.

Рорхатал мугIрузда бугеб ЦIиликь росулъ «Дир Дагъистан – санагIатал шагьаралъулал шартIал» проекталда рекъон, паркалъулаб зона къачIалеб буго. ЖамгIиял координаторал Анна Безрукова ва Рукъият АхIмадова разилъана гьеб объекталда гьабулеб бугеб хIалтIудаса. Паркалъулаб зонаялда хIалтIи гIуцIулеб «Асстрой» ОООялъул нухмалъулев МуртазгIали Тутумилаевас абуна плитаби кквеялъул хIалтIи ахиралде щолеб бугин, лъималазул байдан, расандулеб зона, аттракционал гьариялъул хIалтIаби бихьизабураб болжалалдаса цере тIуразарулел ругин. Контракталда рекъон, гьеб объект хIалтIизабизе къезе бихьизабун букIана 2020 соналъул 10 декабралде. Подрядчиказ рагIи къун буго гьенир киналго хIалтIаби цIияб цIалул сон рагьилелде лъугIизаризе. Гьениб аскIобго буго гьоркьохъеб школа, школлъималазе рес букIине буго паркалъул байданалдаса пайда босизе», - ян абуна ХIажимурад АхIмаднабиевас.

«Сельсовет “Цилитлинский”» росдал поселениялъул администрациялъул вакил, жамагIатчи Сулайман МухIамаднуровас, киналго цIилкьадерил рахъалдасан баркала загьир гьабурал рагIаби абуна «Дир Дагъистан» - санагIатал шагьаралъулал шартIал» проект гIумруялде бахьинабуралъухъ Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасе ва Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе.

**«Гумбет» РИО**

ЦIИЯБ РОССИЯ #КОНСТИТУЦИЯ05

## Бакълъулазул медиказ гьаркьал къуна Россиялъул Аслияб законалда хиса-басиял гьариялда тIасан

**ГIолилазул къоялъ, 27 июналда Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул, поликлиникаялъул, фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пунктазул хIалтIухъабаз гьаркьал къуна Россиялъул аслияб законалда гьарурал хиса-басиязда тIасан.**

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул минаялда гIуцIараб №0294 рищиязул участковияб комиссиялъул председатель, «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидовалъ баян гьабуна РФялъул Конституциялда хиса-басиял гьариялда тIасан тIолгороссиялъулаб гьаракь кьей Роспотребнадзоралъул рихьизарияял, COVID-19 унти бахинчIого букIиналъе рукIине кколел тIалабалги цIунун, унеб бугин.

«ТIолгороссиялъул гьаракь кьей №0294 участокалда тIобитIулеб буго хIинкъи гьечIолъиялъул киналго тадбиралги тIуран, рагьараб куцалда. Нижер участокаяда гьорлъе ккола гьаракь кьезе ихтияр бугев 896 чи. Рищиязул комиссиялъул председателас ва членаз хъаравуллъи кколеб буго Роспотребнадзоралъул рихьизарияв тIураялда хадуб. Нижехъе къуна гIураб къадаралда жалго жидецаго цIуниялъе пайда босулел средстваби, дезинфекция гьабулел лъамалъаби», - ян абуна Салимат ХIамидовалъ.

**«Гумбет» РИО**

ТIИБ

## Махщалие ритIухъай

### 400 - гIан чиясул флюорография гьабуна коронавирусалъул унти баккаралдаса

**Бакълъулазул районалъул МельелтIа росулъ 10 класс 1975 соналъ лъугIана Маладибирова ПатIиматил. 3 соналдасан цIализе ана МахIачхъалаялде медициналъул училищеялде.**



1980 соналъ медучилищеги лъугIун хIалтIизе ячIана районалъул централияб больницаялде. ТIоцее хIалтIана терапиялъул отделениялда дежурнияй сестралъун, хадуй – лъималазул, хирургиялъул, инфекционнияб отделениязда, поликлиникаялда прививкаби гьарулей медсестралъун. Гьабуна школалда медсестралъиги. Кий хIалтIулей йигониги ПатIиматица жийго йихьизаюна лъай, бажари бугей, тIадаб иш ракIбацIцIадго тIубалей, унтаразде гурхIалилаб бербалагьи бугей, махщалие ритIухъай медицинаялъул хIалтIухъан хIисабалда.

Больницаялда унтун регаразул рекIелъ хехго йосулаан хIеренаб каламалъул, недегьаб гьимиялъул, намус-яхI цIунарай, релъедаги къадги жидее хъулухъалъе яхъун чIолей ПатIимат. ХIажат вукIана райбольницаялъе рентген-лаборант. Гьеб махщалие цIализе йитIана Маладибирова. 1991 соналдаса гьеб ишалде жавабчилъиялда балагьулей йиго гьей. Хасго хIалтIи цIикIкIана ахирияб моцIаз дунялалдаго тIибитIараб коронавирус унти баккаралдаса. 400 гIан чиясул флюорография гьабун буго гьелъ ахирияб моцIаз. Араб соналъул ахиралда районалъул больницаялъе флюорографиялъул цифровияб аппарат бачIиналдасаги цIакъго рази йиго гьей, лъикIалан заман букIана басрияб цIияб аппарат хваралдаса.

ХIалтIул къо лъугIанин, хIухьбахъиялъул къо бугин чIечIого, сордо-къоялъул бокьараб заманалда хIалтIуде хIажалъи ккун ахIани, кIухIаллъичIого ячIуна. Капельницаби лъезе, укол гьабизе махщел букIиналъ, тохтурасул бихьизабиялда рекъон дару-сабаб гьабизе гьей рокъое ахIизе ккеялъулги хIужаби гIемер дандчIвала. ГIемер рагIуна гIадамаз гьелъие баркала кьолеб, гьелъул хIалтIуе къимат кьолеб, гьара-рахьи гьабулеб.

Аллагьас сахлъи кьеги ПатIиматие хадуйккунги гьедин лъикI хIалтIизе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ. ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

## Килалъ росулъ гьанжеги гIатIид гьарулел руго нухал

### ЛъикIаб гьариялъе хIалтIи гьабулеб буго

**Бакълъулазул районалъул Килалъ росулъ гьанжеги унел руго нухазе ремонт гьабиялъул, гIатIид гьарун къачIаялъул хIалтIаби. Гьел хIалтIабазе сурсатал къуна сахаватчагIаз.**



«Село Килятль» росдал поселениялъул бетIер АхIмад Каримовас бицана килал квергIатIидал, сахаватал, цоцазе кумек гьабизе бокьулел чагIи ругин ва росулъ жанисел нухал къачIай хадубккунги унеб бугин.

«СахаватчагIаз росдал кьватIал къачIазе гIарац къуна, гьезие ремонт гьабуна, гIатIид гьарун бетон тIуна. Гьеб ишалъулъ хIаракатчилъи бихьизабуна росдал гIолилазги»,- ян абуна АхIмад Каримовас.

2019 соналъ Килалъ гьоркьохъеб школа гIахьаллъана «Нусго школа» проекталда. Гьеб республикаялъулаб программаги гIумруялде бахьинабулаго, гIодочIабар, мокърокь бакIал цIи гьаруна, нуцIби хисана, хинлъиялъул система къачIана, котельнялъе кьватIиб бакI хIадурана, хIинкъи гьечIолъи букIинаби мурадалда. 2019 соналъул ноябралда Килалъ рагьана, 780 чиясе бакI бугеб лъабтIалаяб мажгит.

**«Гумбет» РИО**

#КОНСТИТУЦИЯ05

## Гассан Алигаджиев: «В России уделяется особое внимание развитию образования и науки»

**Гумбетовцы комментируют общероссийское голосование по поправкам в Конституцию России, в результате которого более 77 процентов проголосовавших поддержали предлагаемые дополнения в Основной закон страны.**



Директор Арадирихской средней школы, руководитель пункта приема ЕГЭ Гумбетовского района Гассан Алигаджиев отметил, что в изменениях, за которые проголосовали россияне, имеются и пункты о поддержке науки страны. «Для будущего России крайне важно нарастить темпы развития образовательной отрасли и науки.

В поправках к Конституции России есть такой пункт: "Правительство РФ обеспечивает государственную поддержку научно-технологического развития РФ, сохранение и развитие ее научного потенциала". Данное дополнение усиливает гарантии государства в сфере образования и науки», – заявил Гассан Алигаджиев.

**РИО «Гумбет»**

ЦЗН УПОЛНОМОЧЕН ЗАЯВИТЬ

## Субботник? Не забываем об охране труда!

**Согласно п. 2.1.7 Порядка обучения по охране труда и проверки знаний требований охраны труда работников организаций, утвержденного постановлением Минтруда России, Минобразования России от 13.01.2003 N 1/29, целевой инструктаж проводится при выполнении разовых работ, а также при проведении в организации массовых мероприятий.**

При этом не имеет значения, в рабочее или во внерабочее время проводятся эти работы или мероприятия. Соответственно, при проведении субботника и в рабочее время, и во внерабочее время проводить с работниками целевой инструктаж по охране труда необходимо во исполнение требований п. 2.1.7 Порядка обучения по охране труда и проверки знаний требований охраны труда работников организаций, утвержденного постановлением Минтруда России, Минобразования России от 13.01.2003 N 1/29.

В Порядке не указано, в каком месте и когда (непосредственно на месте проведения мероприятия или в офисе перед выездом) необходимо проводить целевой инструктаж. Важно выполнить требования проведения целевого инструктажа, изложенные в Порядке, и до начала мероприятия задокументировать время его проведения.

Целевой инструктаж проводит руководитель или лица, ответственные за проведение субботника. Он включает в себя ознакомление сотрудников участников с требованиями охраны труда во время субботника, соблюдением порядка и других организационных требований, направленных на сохранение жизни и здоровья. Проведение инструктажа регистрируется в соответствующем журнале с указанием подписи инструктируемого работника и подписи инструктирующего лица, а также даты проведения инструктажа.

**Раисат Ахмедова, специалист по охране труда ЦЗН Гумбетовского района**

ТIИБ

## Аллагь разилъаги нужедаса

**Коронавирусалъул унтуца гIадамазул ракIазулъе хIинкъи кIанцIараб заманалда регизе ккана ниж бидул къаби цIикIкIун, бохдул унтун ва цогидалги гIузрабаз районалъул централияб больницаялда.**

РагIунги букIана, нижедагоги бихьана гьениб унтаразе хъулухъ лъикI гьабулеб букIин. Аби буго, ракI батулеб рагIиялъги гIадан сах гьавулин. Нижги сахлъун рокъоре риччана. Унтараздехун адаб-хIурматги, больницаялда регаразе гьабулеб тIад чIараб хъулухъги, гьенир гIуцIарал шартIалги рихьана нижеда. Бокьун буго баркала кьезе тохтурзаби Нупайсат МухIамадовалъе, Камил Расуловасе, Эльмира МухIамадбакъировалъе. Разилъана медицинаялъул сестраби Зугьра Сайпулаевалдаса, Макка АхIмадовалдаса, Мадина ГIалиевалдаса, Зайнап МухIидиновалдаса, Аминат ТIайгибовалдаса. РацIцIалъи чIезабиялде кIвар кьолеб бугоан санитаркаби Аминат ГIабдулаевалъ, яццал Раисат ва Маржан СагIидоваз, ХIалимат МухIамадовалъ. НижгIан Аллагь разилъаги церехун цIарал рехсарал киназдасаго. Чорхолъа унти аги, Аллагьас азардаражаялде бахинабеги нижее гьабураб хъулухъалъул кири, рохун хутIаги.

**СагIид Эсенбулатов, МелъелтIа росу, Малачи Расулов, Бакьулъ Гьарадирихъ росу**

ЗИГАРАБИ

**Бакълъулазул районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго «Село Тлярата» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер Анвар Залумхановасда, эбел Бика Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе ахират лъикIаб кьеги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

* * *

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Рапият Зулумхановалда, эбел Бика Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Аллагьас Алжан насиблъаги хваралъе, хъизан-лъималазе халатаб гIумруги кьеги.**

* * *

**ЛъаратIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей Бика Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, районалъул маданиял хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьелъул хъизан-лъималазда.**

**Хваралъе Алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Административная ответственность за правонарушения экстремисткой направленности

**В Российском законодательстве наряду с уголовной ответственностью за деяния экстремисткой направленности предусмотрена также административная.**

Так, в соответствии с Кодексом Российской Федерации об административных правонарушениях (далее – КоАП) за административные правонарушения по:

части 2 статьи 13.15 КоАП - злоупотребление свободой массовой информации (распространение информации об общественном объединении или иной организации, включенных в опубликованный перечень общественных и религиозных объединений, иных организаций, в отношении которых судом принято вступившее в законную силу решение о ликвидации или запрете деятельности по основаниям, предусмотренным Федеральным законом от 25 июля 2002 г. № 114-ФЗ «О противодействии экстремистской деятельности», без указания на то, что соответствующее общественное объединение или иная организация ликвидированы или их деятельность запрещена). За совершение данного правонарушения предусмотрено наказание в виде наложения административного штрафа на граждан в размере от двух тысяч до двух тысяч пятисот рублей с конфискацией предмета административного правонарушения; на должностных лиц - от четырех тысяч до пяти тысяч рублей с конфискацией предмета административного правонарушения; на юридических лиц - от сорока тысяч до пятидесяти тысяч рублей с конфискацией предмета административного правонарушения.

По статье 20.3 КоАП - пропаганда либо публичное демонстрирование нацистской атрибутики или символики, либо атрибутики или символики экстремистских организаций, либо иных атрибутики или символики, пропаганда либо публичное демонстрирование которых запрещены федеральными законами (изготовление или сбыт в целях пропаганды либо приобретение в целях сбыта или пропаганды нацистской атрибутики или символики, либо атрибутики или символики, сходных с нацистской атрибутикой или символикой до степени смешения, либо атрибутики или символики экстремистских организаций, либо иных атрибутики или символики, пропаганда либо публичное демонстрирование которых запрещены федеральными законами). За совершение данного правонарушения предусмотрено наказание в виде наложения административного штрафа на граждан в размере от одной тысячи до двух тысяч пятисот рублей с конфискацией предмета административного правонарушения; на должностных лиц - от двух тысяч до пяти тысяч рублей с конфискацией предмета административного правонарушения; на юридических лиц - от двадцати тысяч до ста тысяч рублей с конфискацией предмета административного правонарушения.

По статье 20.29 КоАП - производство и распространение экстремистских материалов (массовое распространение экстремистских материалов, включенных в опубликованный федеральный список экстремистских материалов, а равно их производство либо хранение в целях массового распространения). За совершение данного правонарушения предусмотрено наказание в виде наложения административного штрафа на граждан в размере от одной тысячи до трех тысяч рублей либо административный арест на срок до пятнадцати суток с конфискацией указанных материалов и оборудования, использованного для их производства; на должностных лиц - от двух тысяч до пяти тысяч рублей с конфискацией указанных материалов и оборудования, использованного для их производства; на юридических лиц - от ста тысяч до одного миллиона рублей или административное приостановление деятельности на срок до девяноста суток с конфискацией указанных материалов и оборудования, использованного для их производства.

**Шамиль Мажидов, начальник ОМВД России по Гумбетовскому району, подполковник полиции**

БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорлъ
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.